

ISTWA AK JEWOGRAFI JENERAL

Mèkredi 17 Jen 2015 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonsè pou w ekri repons pou Pati II, IIIA ak IIIB.

Pati I an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Pati III A a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou li ki vini apre kesyon an.

Pati III B a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1.

... Istwa oral yo ansyen menm jan ak kreyati vivan yo. Anvan yo te envante ekriti, yo te transmèt enfòmasyon yo ant yon jenerasyon ak yon lòt jenerasyon avèk pawòl pale. Anpil moun tout kote nan lemond kontinye ap itilize tradisyon oral pou transmèt konesans ak sajes. Entèvyou ak anrejistremant granmoun ajè kominote yo ak temwen nan evènman istorik yo bay istwa ki enteresan anpil, anekdot ak lòt enfòmasyon sou lespas....

—Library of Congress

1 Dapre pasaj sa a, istoryen yo ta dwe trete istwa oral yo ak tradisyon oral yo kòm

- (1) agiman konvenkan
- (2) done estatistik
- (3) sous ki pa byez
- (4) prèv kiltirèl

2 Ki disiplin akademik ki konsantre etid sou wòl ak fonksyon gouvènman?

- (1) syans politik
- (2) antwopoloji
- (3) jewografi
- (4) ekonomi

3 Pandan Revolisyon Neyolitik la, pwodiksyon yon sipli manje te mennen dirèkteman nan

- (1) yon mòdvi nomadik
- (2) yon depandans sou materyèl lagè an wòch
- (3) yon ogmantasyon nan popilasyon an
- (4) yon depandans sou lachas ak rasanblaj manje

4 Dekouvèt lari yo ki ranje nan yon modèl tankou griy ak yon sistèm tiyo pou mennen dlo nan Harappa ak Mohenjo-Daro sijere ansyen vil ki nan vale rivyè sa yo nan Azi-di-Sid te gen

- (1) gouvènman ki òganize
- (2) ekonomi ki baze sou sibsistans
- (3) kwayans politeyis
- (4) klas sosyal rijid

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 5.

... Yo depannde mouson yo toupatou nan peyi a pou bay dlo pou grandi danre yo. Men, mouson ki fò yo kapab lakòz inondasyon ki gen yon gwo kantite ka moun ki mouri. Inondasyon sa yo te konplike [vin grav] akòz debwazman ti mòn yo pou rezon endistriyèl ak agrikòl. Se yon ekilib ki frajil ant lè gen anpil dlo pou inonde chan diri yo ak lè gen twòp pou danre yo, kay yo, ak menm lavi moun pèdi. Lòt chwa parapò ak inondasyon yo ka se grangou. Men, enfrastrikti Lend kapab jere bagay sa yo avèk siksè kounye a: Lè mouson yo pa vini nan yon zòn, fòs lame a kapab deplase pwovizyon yo pou mennen yo nan zòn ki gen sechrès. Kòm yon rezilta òganizasyon sa a, yon ti kantite lavi te pèdi nan grangou ane 1965–66 ak 1974–75 ki te genyen nan Maharashtra, alòske plis pase de (2) milyon moun te mouri nan grangou ane 1943 nan Bengal.

—Louise Nicholson, *National Geographic Traveler: India*, 2007

5 Dapre pasaj sa a, kijan efè negatif mouson yo te redui nan dènye ane yo?


- (1) Fòs lame bati baraj pou bloke dlo inondasyon yo.
- (2) Kiltivatè yo kòmanse grandi danre ki bezwen mwens dlo.
- (3) Règleman gouvènman an te kontwole konstwiksyon kay nan zòn ki gen inondasyon yo.
- (4) Yon enfrastrikti amelyore fè li posib pou pote pwovizyon nan zòn ki bezwen èd.

6 Ejipsyen yo te itilize ekriti yewoglifik menm jan avèk Simeryen yo te itilize

- (1) ideyograf
- (2) kaligrafi
- (3) ekriti kineyifòm
- (4) lèt

- 7 Ki karakteristik jewografik ki te sèvi kòm yon baryè pou inite politik epi ki te ankouraje monte vil-eta endepandan yo nan Lagrès antik?
- (1) gwo plèn
 - (2) chèn montay
 - (3) rivyè navigab
 - (4) anpil pò
- 8 Dinasti Tang te kontribiye nan devlopman kilti chinwa a lè li te
- (1) kreye yon chogoun
 - (2) pwodui pòslèn ak karaktè enprimri
 - (3) entwodui Endouyis kòm yon filozofi prensipal
 - (4) envante yon seri lwa epi eskilpte yo sou wòch ak pilye
- 9 Yon objektif prensipal Kwazad Ewopeyen yo pou bagay nan Mwayennoryan an se te pou
- (1) mete mache anplas pou machann Italyen yo
 - (2) sove Pap Urban II anba men Bizanten yo
 - (3) bloke avansman fòs lame Mongòl yo nan estèp azyatik yo
 - (4) jwenn aksè nan espas sen kretyen yo nan Jerizalèm
- 10 Ogmantasyon nan echanj komèsyal ak komès ki te fèt pandan fen Mwayennaj nan Ewòp te lakòz
- (1) yon bèss nan nivo lavi a pou manm gild yo
 - (2) devlopman plis vilaj ak vil
 - (3) yon bèss nan rivalite ant wa yo
 - (4) yon ogmantasyon nan kantite mwàn endepandan
- 11 Ekriti Marco Polo ak Ibn Battuta te enspire
- (1) eksplorasyon ak echanj komèsyal
 - (2) ekspedisyon militè enpòtan
 - (3) mouvman militè enpòtan
 - (4) devlopman Islam nan Sidès Azi
- 12 Nanjing, Venice, ak Mogadishu te vil ki pisan epi ki te gen enfliyans nan 13yèm syèk la paske yo tout
- (1) te devlope ekonomi ki baze sou agrikilti
 - (2) te sèvi kòm kote pou pelerinaj relijye
 - (3) te mete gouvènman demokratik anplas
 - (4) te pran avantaj faktè pozisyon yo
- 13 Lanpi Afrik-de-Lwès Gana, Mali ak Songhai te kapab fè devlope paske
- (1) yo te kontwole echanj komèsyal lò-sèl
 - (2) te gen anpil demann pou twoupo boven yo
 - (3) fòs lame yo te pran kontwòl anpil kote nan Afrik
 - (4) yo te adopte Krisyanis kòm relijyon prensipal yo
- 14 Kisa ki te yon rezilta imedyat Lapès Nwa?
- (1) mank mendèv
 - (2) eksplorasyon sou lanmè
 - (3) diminyon nan Anti-Semitis
 - (4) amelyorasyon nan syans medikal
- 15 Ki deklarasyon ki pi byen eksprime filozofi limanis?
- (1) Bondye chwazi moun ki pou sove.
 - (2) Lepap eksprime pi bon pawòl Bondye.
 - (3) Moun yo gen posiblite epi yo kapab amelyore tèt yo lè yo aprann.
 - (4) Lavi yon moun sou Latè se senpleman preparasyon pou apre lavi.
- 16 Ki devlopman ki pi asosye depre avèk premye reyalizasyon Enka yo?
- (1) envansyon wou kòm yon aparèy transpò
 - (2) amelyorasyon zam an fè yo
 - (3) ogmantasyon komès mondyal
 - (4) adaptasyon yon anviwònman ki gen montay
- 17 Kisa ki te yon efè prensipal echanj kolonbyen?
- (1) efondreman ekonomik nan Ewòp
 - (2) entwodiksyon nouvo danre alimantè nan Ewòp
 - (3) diminyon nan popilasyon ewopeyen
 - (4) ogmantasyon dwa demokratik tout kote nan Ewòp
- 18 Ki politik yon peyi itilize lè l ap kontwole enpòtasyon ak ekspòtasyon koloni li yo pou pwodui yon balans komèsyal favorab?
- (1) anbago
 - (2) soutretans
 - (3) mèkantilis
 - (4) transmigrasyon

Sèvi ak dyagram ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 19.



19 Ki syantifik ki pi asosye dirèkteman avèk envansyon pwendvi sistèm solè sa a?

- | | |
|---------------|----------------|
| (1) Ptolemy | (3) Copernicus |
| (2) Descartes | (4) Newton |

20 Akbar the Great te eseye inifye Lanpi Migal epitou pou kreye lapès ant diferan pèp yo nan Lend lè li te

- (1) ankouraje yon politik tolerans relijye
- (2) fòse tout moun pou yo adopte abiman modèn
- (3) bati Taj Mahal pou enspire gerizon
- (4) detèmine Boudis kòm relijyon leta

21 • Siyen Magna Kata
• Siyen Petisyon Dwa
• Adopsyon Deklarasyon Dwa Moun Anglè

Nan peyi Angletè, evènman sa yo te jwe yon wòl enpòtan nan

- (1) sipòte yon politik pou dezameman
- (2) ankouraje kontwòl gouvènman an sou ekonomi an
- (3) jistifye akizasyon teritwa nan tè etranje yo
- (4) devlope demokrasi palmantè

22 Ant ane 1500 ak 1750, ki pwodui komèsyal yo te pwodui sou plantasyon Amerik Latin yo avèk travayè esklav yo?

- | | |
|--------------------|---------------------|
| (1) mayi ak joumou | (3) sik ak tabak |
| (2) bannann ak te | (4) pòm detè ak lèn |

23 Lide filozòf Syèk Limyè te baze sou

- (1) efò pou reyalize lesali
- (2) lafwa nan rezon imen
- (3) pratik tradisyonèl
- (4) karaktè inevitab povrete

24 Toussaint L'Ouverture ak José de San Martín se dirijan yo pi byen konnen kòm moun ki te

- (1) alatèt mouvman yo pou endepandan
- (2) sipòte refòm relijye
- (3) ankouraje dezobeyisans sivil
- (4) kont demokrasi

Sèvi ak afich ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 25.

**Za, Pè ak Nonm Rich la ki sou
Zèpòl Ouvriye yo**



**ЦАРЬ, ПОП И БОГАЧ
НА ПЛЕЧАХ У ТРУДОВОГО НАРОДА.**

Sous: A. Apsit, Coloured Lithograph, 1918 (adapte)

25 Nan Lawisi kòmansman 20yèm syèk la, ki gwoup ki te ka jwenn sipò avèk sikilasyon afich sa a?

- | | |
|-----------------|-------------------|
| (1) aristokrasi | (3) monachis yo |
| (2) Bòlkevik yo | (4) klèje òtodòks |

- 26 Ki pwosesis aksyon teyori lesefè sijere yon gouvènman ta dwe swiv?
- (1) bay èd pou moun ki bezwen
 - (2) mete biznis anplas pou kreye travay
 - (3) kite lwa natirèl yo kontwole ekonomi an
 - (4) kontwole resous mineral yon peyi
- 27 Yon efè sistèm pwopriyetè britanik nan Ilann nan mitan ane 1800 yo ak nan Lend nan kòmansman ane 1900 yo sèke sistèm pwopriyetè sa yo te
- (1) kontribiye nan grangou ak soufrans
 - (2) pèmèt ekonomi lokal yo fè pwogrè
 - (3) bay privilèj pou danre alimantè sou eksplwatasyon min
 - (4) alatèt yon revolisyon agrè
- 28 Pou ki aksyon Commodore Matthew Perry te fè ki pèmèt yo konnen li?
- (1) li te alatèt Konpayi Britanik Lend Oryantal
 - (2) sove Ewopeyen yo pandan Revòlt Boxer
 - (3) jistifye esfè enfliyans ewopeyen nan Lachin
 - (4) louvri Japon pou enfliyans ameriken ak ewopeyen
- 29 Pandan Premye Gè Mondyal la, devlopman nan teknoloji militè te mennen nan
- (1) yon premye viktwa puisans Aye yo
 - (2) kreyasyon kapitalis endistriyèl
 - (3) itilizasyon gaz pwazon ak atak soumaren
 - (4) yon ogmantasyon nan tansyon etnik nan Ewòp-de-Lwès
- 30 Yon rezon prensipal ki fè Lig Nasyon te gen echèk sèke li
- (1) pa t fè pati nan Trete Vèsay
 - (2) te anba kontwòl Lawisi kominis
 - (3) te fè anpil nasyon gen laperèz avèk gwo fòs militè
 - (4) te manke sipò anpil gwo puisans mondyal pandan kriz yo
- 31 Ki karakteristik jewografik Japon ki te pi enfliyanse desizyon li pou angaje nan enperyalis la nan kòmansman pou rive nan mitan 20yèm syèk la?
- (1) teren ki gen montay
 - (2) mank resous natirèl
 - (3) abondans rivyè
 - (4) pozisyon zile
- 32 Ki kondisyon ki te yon rezilta ekonomi planifye Joseph Stalin?
- (1) Peyizan yo te jwenn ankourajman pou vann grenn anplis pou pwofi pèsònèl.
 - (2) Pwodiksyon byen konsomasyon te ogmante.
 - (3) Revni nasyonal la te ogmante pou fasilite pi gwo depans endividyèl.
 - (4) Gouvènman an te kontwole agrikilti avèk gwoup bitasyon agrikòl yo.
- 33 Apre Premye Gè Mondyal la, monte Benito Mussolini nan Itali ak monte Adolf Hitler nan Almay pi asosye depre avèk
- (1) devlopman fachis
 - (2) dezi pou politik pou limite devlopman sistèm kominis
 - (3) yon konsantrasyon sou tradisyon demokratik yo
 - (4) yon retou nan pratik relijye konsèvatè
- 34 Kisa ki te yon rezon prensipal ki fè Inyon Sovyetik te kreye eta satelit yo nan Ewòp-de-Lès apre Dezyèm Gè Mondyal la?
- (1) devlopman pi bon relasyon komèsyal avèk Lwès
 - (2) kreyasyon yon zòn tanpon kont fiti envazyon yo
 - (3) patisipasyon nan misyon Nasyonzini pou mete lapè
 - (4) kontwòl Òganizasyon Peyi ki Ekspòte Petwòl [Organization of Petroleum Exporting Countries (OPEC)]

Sèvi ak ekstrè ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 35.

... Diferans nan siksè ant elèv nwa ak elèv blan nan Afrik-di-Sid gwo anpil. Nan pwovens Western Cape, se sèlman 2 elèv klas sizyèm ane sou 1000 nan lekòl ki gen plis elèv nwa yo ki te bay pèfòmans nan nivo klas la nan yon egzamen matematik nan ane 2005, parapò avèk 2 timoun sou 3 nan lekòl ki rezève pou blan yo ki entegre kounye a, men anjeneral ki gen katye ki pi pwospè [pi rich]....

—Celia W. Dugger

35 Ki faktè istorik anba-anba ki te pi kontribiye nan diferans sa a nan siksè a?

- (1) inegalite ki egziste ant ras yo anba apated la
- (2) sanksyon ekonomik yo mete sou kominote lekòl yo
- (3) mank sipò gouvènman pou pwogram edikasyon pou moun blan yo
- (4) yon peryòd ansasinay politik ak lagè sivil

36 **“Lend Separe nan Endepandans”**

“Sèb yo Ankouraje Konfli nan Kosovo”
“Doleyans Divize Houtou ak Toutsy yo”

Ki konklizyon tit sa yo sipòte?

- (1) Divèsite kiltirèl mennen nan sosyete ki estab.
- (2) Diferans etnik ak relijye se te sous tansyon.
- (3) Koperasyon ekonomik kapab metrize pwoblèm politik yo.
- (4) Diferans seksyèl pi puisan pase diferans nan kondisyon sosyal.

37 Anpil konfli nan Mwayennoryan an pandan peryòd apre Dezyèm Gè Mondyal la te soti dirèkteman nan

- (1) disolizyon Lig Arab la
- (2) konfli pou fwontyè ant Iran ak Lachin
- (3) konfli ki gen pou wè ak Palestin
- (4) separasyon Ejip

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 38.

... Plis pase 30 tan apre “Ane Zewo” epi plis pase yon dekad apre “retou nan demokrasi,” peyi Kanbòdj rete nan yon lig poukont li —ki mizerab, kowonpi epi san konpasyon. Se sèlman moun ki pi di ak pi san pèsonalite ki kapab “fè sa” epi ki kapab vanse. Gen apèn nenpòt rezo sosyal pou pale sou sa; foli sovaj Kemè Wouj yo te ranplase avèk kapitalis sovaj, men souvan avèk menm moun ki responsab yo....

— Andre Vitcheq,
“A Tortured History and Unanswered Questions”

38 Kisa otè pasaj 2006 sa a konkli?

- (1) Pandan demokrasi a ap devlope, sikonstans yo ap amelyore.
- (2) Avèk chanjman gouvènman, sikonstans yo souvan rete menm jan.
- (3) Yo detèmine nouvo lidèchip pou ranplase Kemè Wouj yo.
- (4) Kondisyon lavi difisil te lakòz moun yo depannde yon rezo sosyal anpil.


39 Ki aksyon Deng Xiaoping te fè pou amelyore ekonomi Lachin?

- (1) dekouraje envestisman etranje
- (2) ankouraje kèk pratik kapitalis
- (3) òganize Gad Wouj yo
- (4) pratike glandòs

40 Ki revolizyon ki te fasilite ogmantasyon nan pwodiksyon manje global kòm yon rezilta itilizasyon grenn yo modifye sou plan jenetik ak gwo kantite angrè chimik ak pestisid?

- (1) Kiltirèl
- (2) Glorye
- (3) Syantifik
- (4) Vèt

Sèvi ak komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 41.



Sous: Arend Van Dam, <http://www.politicalcartoons.com>, July 22, 2010 (adapte)

- 41 Ki lide prensipal komik 2010 sa a?
- (1) Pakistan jwe yon wòl minè nan zafè Afganistan.
 - (2) Etazini ak Pakistan ap ini fòs yo pou elimine Taliban yo.
 - (3) Konfli sou dwa pou dlo ant Pakistan ak Afganistan kontinye kreye defi.
 - (4) Taliban yo ap reprezante yon menas pou Afganistan lè Etazini ale.
-
- 42 Òganizasyon Mondyal Komès [World Trade Organization (WTO)], Akò Nò-Ameriken pou Echanj Lib [North American Free Trade Agreement (NAFTA)], ak Inyon Ewopeyen [European Union (EU)], yo tout gen menm objektif prensipal pou
- (1) ankouraje eksplorasyon lespas ak antreteni satelit yo
 - (2) ogmante èd ekonomik pou peyi k ap devlope yo
 - (3) ankouraje komès ant peyi yo epi bese baryè komèsyal yo
 - (4) devlope règleman pou pwoteje anviwònman an

43 Itilizasyon sistèm desimal, avansman nan lamedsin, ak konstwiksyon tanp endou yo pi asosye deprè avèk lajdò

- (1) dinasti Abbassid
- (2) dinasti Han
- (3) Lanpi Gupta
- (4) Lanpi Women

44 Yon rezon ki fè Kòd Jistinyen te enpòtan se paske li

- (1) te baz sistèm legal modèn anpil peyi oksidantal
- (2) te detèmine baz pou devlopman kòd Hammurabi
- (3) te entwodui lwa yo tout kote nan Azi ak Ewòp
- (4) te fasilite pwoteksyon dwa yo pa kapab elimine nan teritwa women yo

45 Ki devlopman teknolojik ki te kontribiye pi dirèkteman nan siksè Refòm Pwotestan an?

- (1) astwolab
- (2) bousòl
- (3) wou
- (4) près enprimri

46 “Libète, Egalite, Fratènite” epi “Lapè, Teritwa, ak Pen” se eslogan revolisyonè yo itilize pou reprezante

- (1) estrikti pou estabilite ekonomik
- (2) ideyal politik ak ekonomik
- (3) plan pou konsève yerachi sosyal la
- (4) metòd refòm politik

47 Yon fason Otto von Bismarck ak Camillo Cavour sanble sèke toulède dirijan yo

- (1) te swiv yon politik izolasyonis
- (2) te adopte politik papal
- (3) te alatèt mouvman pou endepandans afriken
- (4) te ankouraje inifikasyon pou fòme yon nouvo nasyon-eta

48 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?

I. _____

- A. Pandan kòmansman ane 1800 yo, gwo fòs lame Napoleon Bonaparte epapiye nan Ewòp-de-Lès.
- B. Pandan Premye Gè Mondyal la, Almay pase nan Bèljik pou anvayi Lafrans.
- C. Pandan Dezyèm Gè Mondyal la, Alman yo fè atak zèklè nan Ewòp-de-Lwès.

- (1) Enpòtans Rivyè yo kòm Wout pou Envazyon
- (2) Enpas Lagè Tranche
- (3) Itilizasyon Plèn Nò a pou Konkèt
- (4) Wòl Blokis Naval nan Lagè yo

49 Yon fason dominasyon Peter the Great nan Lawisi ak dominasyon Lanperè Meiji nan Japon sanble sèke toulède dirijan yo

- (1) te emansipe sèf yo
- (2) te bay egalite pou fanm yo
- (3) te ankouraje modènizasyon
- (4) te dirije dapre yon konstitisyon

50 Yon objektif Pwosè Nuremberg yo ak Komisyon pou Laverite ak Rekonsilyasyon nan Afrik-di-Sid se te pou

- (1) rezoud abi sou dwa moun
- (2) sipòte kreyasyon gouvènman demokratik
- (3) kreye zòn komès lib tout kote nan lemonn
- (4) bay ankourajman pou moun yo dèyè Rido Fè

Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, sonje pou panse ak definisyon jeneral sa yo:

diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi avèk reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Sistèm Kwayans—Mouvman

Sistèm kwayans yo se yon fason òdone yo mete anplas pou gwoup oswa moun analiz lafwa relijye oswa prensip filozofik. Kèk sistèm kwayans simaye deyò kote yo kòmanse. Difizyon sistèm kwayans sa yo afekte lòt sosyete yo ak rejyon yo nan anpil fason.

Sa pou fè:

Chwazi **de (2)** sistèm kwayans ki te simaye deyò kote yo te kòmanse epi pou yo **chak**

- Diskite sou yon prensip santral sistèm kwayans sa a
- Diskite sou fason sistèm kwayans sa a te simaye nan yon lòt rejyon
- Diskite sou yon efè sistèm kwayans sa a simaye sou yon sosyete oswa rejyon

Ou ka itilize nenpòt sistèm kwayans nan etid istwa ak jewografi jeneral ou. Kèk sijesyon ou ta ka itilize pou anvizaje ajoute Boudis, Konfisyanis, Jidayis, Krisyanis, Islam ak kominis.

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

Pa itilize Etazini kòm yon rejyon kote yon sistèm kwayans te simaye.

Gid:

Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te ekri dokiman an.

Kontèks Istorik:

Pandan tout listwa, lanpi tankou **Women**, **Otoman**, ak **Britanik** te gen anpil pwoblèm ki te lakòz bès yo. Bès lanpi sa yo te jwe sou chanjman nan sosyete yo ak rejyon yo.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa jeneral, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi **de (2)** lanpi ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo **chak**

- Dekri pwoblèm ki te lakòz bès lanpi sa a
- Diskite sou fason bès lanpi sa a te jwe sou chanjman nan yon sosyete ak/oswa yon rejyon

Nan devlopman repons pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:


- dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li”
- diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi avèk reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Enstriksyon: Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1



1 Dapre enfòmasyon yo montre ou sou kat sa a, endike **yon** pwoblèm ki te ede lakòz bès Lanpi Women. [1]

Score

Dokiman 2

... Nan mitan dezyèm syèk la, Itali [ki andedan Lanpi Women an] te nan yon sitiyaasyon bès. Nan epòk Dyokletyan, nan kòmansman katriyèm syèk la, bès la te parèt aklè tout kote nan lanpi a. Komès t ap disparèt anpil akòz mank kliyan, zak pirataj nan lanmè, ak ensekirite sou wout yo nan teritwa a. Anjeneral, nan epòk sa a se ofisyèl piblik yo, ofisye fòs lame ak gwo pwopriyete ki te gen pouvwa-dacha. Echanj komèsyal nan objè pou itilize chak jou te prèske disparèt, men echanj komèsyal nan pwodui deliks yo te pwospere. Vil ki nan lwès yo, sof kote gouvènman an te santrè, te nan yon bès jeneral; klas komèsyal ak endistriyèl yo te disparèt, machann k ap vwayaje nan lès te ranplase ansyen komèsan yo, epi pami machann sa yo, yo te pi rekonèt Siryen yo. Echanj komèsyal avèk peyi etranje te limite anpil. Nan anpil fwa, gouvènman an te eseye entèdi ekspòtasyon anpil machandiz, tankou diven, lwil, grenn, sèl, zam, fè ak lò. Avèk frenaj sa a nan ekspòtasyon yo te gen yon efò yo te fè tou pou kontwole sèten enpòtasyon jan sa pwouve avèk monopòl leta nan swa. De (2) mouvman sa yo te ralanti kontra komèsyal deyò lanpi a epi yo tout te touye sa ki te rete nan echanj komèsyal avèk peyi etranje....

Sous: Louis C. West, "The Economic Collapse of the Roman Empire," *The Classical Journal*, November 1932

2 Dapre Louis C. West, kisa ki te **de (2)** pwoblèm ekonomik Lanpi Women te genyen pandan peryòd bès la? [2]

(1)

Score

(2)

Score

Dokiman 3

... Lè Ewòp-de-Lwès te tonbe anba envazyon alman yo, pouvwa enperyal la te chanje pou vin Lanpi Bizanten, sa vle di, pati lès Lanpi Woman an, avèk kapital li nan Konstantinòp. Pwovens lès ansyen Lanpi Woman an te toujou pi plis pase sa ki te nan lwès. Sivilizasyon li te ansyen anpil epi li te gen pi gwo vil yo, ki te pi plis pase nan lwès....

Sous: Steven Kreis, *The History Guide: Lectures on Ancient and Medieval European History*, Lecture 17, History Guide online

3 Dapre Steven Kreis, kisa ki te **yon** chanjman ki te lakòz chit mwaye lwès Lanpi Women an? [1]

Score

Dokiman 4

Pouvwa Lanpi [Otoman] an t ap bese [efase] nan ane 1683 lè yo te fè dezyèm ak dènye efò pou konkeri Vyèn. Li te echwe. San konkèt Ewòp ak akizisyon anpil nouvo richès, Lanpi a te pèdi elan epi li t ap bese yon fason ki lan.

Anpil lòt faktè te lakòz bès Lanpi [Otoman]:

- Konpetisyon nan echanj komèsyal nan Amerik yo
- Konpetisyon nan pwodui bon mache nan Lend ak Ekstrèm Oryan
- Devlopman lòt wout komèsyal
- Ogmantasyon chomaj an dedan Lanpi a
- Lanpi Otoman te vin mwen santralize, epi kontwòl santral la te febli
- Siltan yo ki mwen sevè nan konsève estanda onètete egzijan nan administrasyon Lanpi a
- Siltan yo ki vin mwen sansib nan opinyon piblik

Sous: "Ottoman Empire (1301–1922)," BBC online, 2009 (adapte)

4a Dapre BBC, kisa ki te **yon** pwoblèm *ekonomik* ki te lakòz bès Lanpi Otoman an? [1]

Score

b Dapre BBC, kisa ki te **yon** pwoblèm *politik* ki te lakòz bès Lanpi Otoman an? [1]

Score

Dokiman 5

... Nan ane 1875, pèp slav k ap viv nan pwovens Otoman Bosni ak Èzegovin (ki se eta Bosni-Èzegovin kounye a), te lakòz yon revòlt kont Otoman yo pou yo te kapab vin gen libète. Feblès jeneral Otoman te fasilite de (2) eta slav endepandan ak vwazen, Montenegwo ak Lasèbi, ede revòlt la. Nan yon ane, revòlt la te simaye nan pwovens Otoman Bilgari. Revòlt la te pati yon pi gwo mouvman politik ki rele mouvman panslav, ki te gen kòm objektif li pou inifye tout pèp slav yo—pifò ladan yo te anba kontwòl Otrich, Almay, ak Lanpi Otoman—nan yon sèl inite politik anba pwoteksyon Lawisi. Ris yo te gen dezi pou konkeri Otoman yo yomenm epi pou sezi Istanbul, yo te fè alyans avèk rebèl yo, Lasèbi, ak Montenegwo, epi yo te deklare lagè kont Otoman yo....

Sous: Richard Hooker, "European Imperialism and the Balkan Crisis," *The Ottomans*, World Cultures

5 Dapre Richard Hooker, kisa ki te **yon** pwoblèm Otoman yo te genyen pandan bès Lanpi yo? [1]

Score

Dokiman 6

... Mustafa Kemal [Atatürk] te yon nasyonalis layik ki te kwè yo ta dwe abandone tout eritaj Lanpi Otoman epi Latiki ta dwe transfòme an yon eta modèn Ewòp. Sa te gen pou wè mwens nan yon akalmi avèk lepase pase li ta parèt. Refòm *Tanzimat* yo [ant ane 1839 ak 1876] te prepare baz yon eta layik, epi Jèn Tik yo, menm pandan yo t ap eseye konsève lanpi a, te gen yon elan [motivasyon] puisan nan kòz nasyonalis Latiki a. Pandan ane lagè a [1914–1918], layisizasyon edikasyon t ap vanse, epi inivèsite ak pòs travay piblik yo te louvri pou fanm yo. Yo te mete sèten tribinal ki te anba kontwòl otorite relijye yo anba Ministè Lajistis. Yon lwa yo te adopte nan ane 1916 te refòme maryaj ak divòs....


Sous: Peter Mansfield, *A History of the Middle East*, Viking

6 Dapre Peter Mansfield, kisa ki te **yon** chanjman ki te fèt lè Lanpi Otoman an te bese ak lè yon nouvo eta Latiki te kòmanse pran fòm? [1]

Score

Dokiman 7

Lanpi Britanik ak Manda yo nan Kòmansman Ane 1920 yo



Sous: Encyclopedia Britannica Kids (adapte)

7 Dapre enfòmasyon yo montre ou sou kat sa a, kisa ki te yon pwoblèm Britanik yo te genyen ki te fè li difisil pou yo gouvène lanpi yo? [1]

Score

Dokiman 8

... Dezyèm Gè Mondyal la te fè anpil chanjman nan atitud Britanik yo pou lide libète Lend. Laperèz yon Lend endepandan pa ta peye dèt li ba Grannbretay pa t valab ankò. Grannbretay te vrèman dwe Lend plis pase yon milya liv. Ni pa t gen enkyetid ki endike pa t pa gen ase ofisye militè Lend pou pran kontwòl fòs lame Lend nan men Britanik yo. Kòm yon rezilta lagè, plis pase kenx mil ofisye Endyen te disponib. Answit, anpil sòl Britanik ki te retounen lakay yo apre yo te sèvi nan Lend te vin konprann kijan gouvènman yo pa t popilè pami pèp Lend lan. Nan Grannbretay, Pati Travayis (Labour Party) la anba kontwòl Clement Attlee te pote laviktwa sou Konsèvatè Winston Churchill yo epi li te pran kontwòl gouvènman an....

Pati Travayis la, ki deja anfavè lide endepandans Lend, te gen anpil latwoublay nan Lend. Sezon livè frèt ane 1945–46 te fè mankman manje ak rad vin grav. Anpil dirijan nasyonalis, ki te soti nan prizon pa twò lontan, te bay diskou pou ankouraje aksyon vyolan pou reyalize libète. Nan Calcutta, manifestasyon yo te lakòz dezòd kote plis pase trant (30) moun te mouri ak anpil santèn te blese....

Sous: *Indian Independence and the Question of Pakistan*, Choices Program, Watson Institute for International Studies, Brown University

8 Dapre ekstrè sa a nan *Indian Independence and the Question of Pakistan (Endepandans Endyen ak Kesyon Pakistan)*, kisa ki te **de (2)** faktè ki te fè Grannbretay plis vle bay Lend endepandans li? [2]

(1)

Score

(2)

Score

Dokiman 9

... Pandan dènye 60 ane yo [depi ane 1928], Lanpi Britanik te separe. Pifò nasyon ki te nan lanpi a te egzije epi jwenn endepandans yo. Avèk lanpi a ki ale, Grannbretay te pèdi yon gwo sous richès. Anmenmtan, li te pèdi avantaj endistriyèl li t ap jwi pandan anpil ane....

Sous: Clare McHugh, *Scholastic World Cultures: Western Europe*, Scholastic, 1988

9 Dapre Clare McHugh, kisa ki te **yon** chanjman Grannbretay te genyen avèk disolisyon lanpi li? [1]

Score

Pati B

Redaksyon

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèw nan *omwen kat (4)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Pandan tout listwa, lanpi tankou **Women**, **Otoman**, ak **Britanik** te gen anpil pwoblèm ki te lakòz bès yo. Bès lanpi sa yo te jwe sou chanjman nan sosyete yo ak rejyon yo.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa jeneral, ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi **de (2)** lanpi ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo **chak**

- Dekri pwoblèm ki te lakòz bès lanpi sa a
- Diskite sou fason bès lanpi sa a te jwe sou chanjman nan yon sosyete ak/oswa yon rejyon

Gid:

Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

